АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№22 (9910)

РУЗМАН

12 июнь 2020 сон

20 ШАВВАЛ 1441 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватӀибе уна моцӀида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

*Туризм цебетӀеялъе*



**Цо чиясул жигарчилъиялъги гӀемераб цебетӀей лъугьуна**

3 гьум.

*Росдал магӀишат*



**МугӀрул гӀидраялде гӀи-боцӀул чваххи**

3 гьум.

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# Россиялъул байрахъалъ гвангъана парк



**12 июналъ нилъер Пачалихъалда кӀодо гьабула Россиялъул къо.**

ТӀоцебе гьеб къо кӀодо гьабизе байбихьана 1990 соналъул12 июналъ РСФСРалъул Халкъиял депутатазул тӀоцебесеб данделъиялда къабул гьарурал хӀукмабаздалъун. 1998 соналъ Россиялъул тӀоцевесев президент Б. Ельциница хисизабуна гьеб байрамалъул цӀар - День независимостиялдаса Россиялъул къоялде. Гьеб байрам ккола нилъер пачалихъалда бищун аслиязул цояблъун ва гӀатӀидго кӀодо гьабулеблъун. Россиялъул къоялъ гӀадамазул рекӀелъ цӀикӀкӀуна ВатӀаналде рокьи, халкъазда гьоркьоб цолъи ва киназдаго бичӀчӀула тарихалда тарал саназ жакъасеб нилъер букӀиниселъе гӀоло гӀумру кьурал умумузда цебе ирсилазул бугеб жавабчилъи.

11 июналда тӀолабго улкаялдаго гӀадин нилъер районалдаги тӀобитӀана Россиялъул къо кӀодо гьабулеб акция.

Исана пандемия сабаблъун киналго тадбирал яги нахърахъун, ялъуни дагьаб къадаралда чи ракӀарун тӀоритӀизе колел ругелъул, райцентралда бугеб хӀухьбахъиялъул паркалда къокъабго акциялдалъун тӀубана гьеб байрам.

ХӀебда гьоркьохъеб школалъул волонтераз паркалда тӀибитӀараб Россиялъул байрахъалъ гвангъана сверухълъиго. Радалалдаса паркалда рукӀана риччан патриотикиял кучӀдул ва Россиялъул гимн. Байрахъгун рачӀарал гӀолилазги ахӀана пачалихъалъул гимн.

1-14 июналда социалиял гьиназдаги унеб буго Россиялъул къо кӀодо гьабун #МыРоссия абураб флешмоб.

**НИЖЕР МУХБИР**



■ БАРКИЯЛ




ХӀурматиял районцоял! РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда пачалихъияб байрам - Россиялъул къо. Гьеб буго нилъер гӀемер гӀасруялъулал гӀадатал ва миллатал цолъиялъе мисаллъун, ВатӀаналъул рещцалъе мустахӀикъаб тарихалъул чӀухӀилъун ва божилъун, букӀиниселде ракӀчӀараблъун кколеб байрам.

Нилъер киназулго цадахъаб захӀмат лъугьине ккола ВатӀан тӀегьаялъе кьучӀлъун, гӀадамазул яшав цебетӀеялъе, халкъазда гьоркьоб Россиялъул къадру борхиялъе шартӀлъун. Гьарула нужее хӀалтӀулъ бергьенлъаби, рекъел, Россияги, гӀагараб Дагъистанги тӀегьаялъе гӀоло гьабулебщиналъе битӀ ва икъбал.

***

Хириял сахлъи цӀуниялъул ва социалияб хъулухъалъул хӀалтӀухъаби!

РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда июналъул байбихьуда кӀодо гьарулел нужер профессионалиял байрамал. Гьарула нужер щивасе талихӀ-рохел, халатаб гӀумру, щулияб сахлъи, щивасул рокъоб парахалъи, сундулъго икъбал ва нужер хӀурматияб хӀалтӀулъ чӀахӀиял бергьенлъаби.

Сахлъи цӀуниялъул ва социалияб хъулухъалъул хӀалтӀухъаби кидаго хӀадурал руго къварилъи-захӀмалъиялде ккаразе, гӀажизал гӀадамазе кумек гьабизе. Нужеца берцинаб рагӀиялдалъунги, гьуинаб каламалдалъунги ракӀал рохизарула кумекалде хӀажатазул.

**Районалъул бетӀер**
**МухӀамад ХӀАСАНОВ**



ДРялъул предпринимательствоялъул агентствоялъул нухмалъулесул заместительлъун тӀамун вуго нилъер районцояв ГӀабдулкъадиров МухӀаммад ГӀабдулкъадирович.

5 июналъ гьединаб буюрухъалда гъулбас гьабуна Дагъистаналъул правительствоялъул нухмалъулев Артем Здуновас. Цебеккун предпринимательствоялъул агентствоялда «Сопровождение государственных программ и взаимодействие с институтами предпринимательства» абураб отделалъул нухмалъулевлъун вукӀана М. ГӀабдулкъадиров. Гьеб гуребги, батӀи-батӀиял соназ гьев вукӀана Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул «Правое дело» ва Дагъистаналъул Халкъияб собраниялъул «Партия роста» партияздасан депутатлъиялде кандидатлъун.

32 сон барав гӀолилав ккола нилъер районалъул ТӀелекь росулъа. 2009 соналъ гьес лъугӀизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб университет.

Баркула ракьцоясда хӀукуматалъул тӀадчагӀазул божилъи. Баракатаблъун батаги цӀияб хъулухъ.

АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Пачалихъиял байрамал щивасул рекIел чIухIилъун рукIина



12 июналда тIолго улкаялда кIодо гьабула пачалихъалъул байрам-Россиялъул къо. Гьеб ккола Россиялъул цIияб тарихалда бижараб тIоцебесеб байрам.

Тарихиял баяназда рекъон, къануналдалъун байрамал тасдикъ гьаризе байбихьун буго 1897 соналъ. Къануназда рекъон, чIезарун рукIун руго завод-фабриказул ва мугIрузулаб промышленносталда хIалтIулезе бигьалъаби. Абизе бегьуларо гьеб соналде щвезегIан байрамал рукIинчIилан.

ГIемерисел байрамал хурхарал рукIана гIумруялъул рухIияб рахъалда . Амма гьел рухьун рукIинчIо пачалихъалъул даражаялда тIоритIулел тадбиразда.

ЦIиял байрамал ракки- рукIун руго щибаб нухалъ улкаялъул бетIерлъуде цIиял нухмалъулел рачIиналда бан. Гьелъул магIнаги букIун буго хIукуматалда билъанхъизабулеб политика ракIалда чIолеблъун букIинаби.

Амма кинабго халкъалъ гуро гьел байрамал къабул гьарулел рукIарал. Дунялалъул тарихалде раккани, гIемерисел улкабазда, пачалихъазул къоял руго гьезул халкъаз жидерго хIукуматалъул гIаламатал тасдикъ гьариялда разарурал. МагIарул мацIалда байрамалъул гIаламатал гIодоркъоялда хурхарал руго. Гьелъул гIаксалда гIурус мацIалда байрам ккола къватIир рахъунеб къолъун.

1990 соналъул 12 июналъ къабул гьабуна пачалихъияб суверенитеталъул декларация. ЛъагIалидаса, гьебго къоялъ тIоритIана РФялъул тIоцевесев Президент вищиялъул тадбир. 1994 соналдаса нахъе 12 июнь ккола пачалихъалъул байрам. БатIи-батIиял соназ гьелда батIи-батIиял цIаралги рукIана.

ГIолохъанаб байрам букIиналъ, гьеб къо жеги гIаммаб миллияб байрамлъун лъугьун гьечIо. Гьелъие гIиллабиги гIезегIан руго. Сверана моцIал, тирана санал, рижун рачIана церехун заманаялъ халкъаз «гIалхулаб Западалда» гурони рукIунарин тарал гIадатал. Хъулухъ бокьарал кандидатаз, халкъиял кандидатал ракьулъе лъугьинарулеб, цIогьаз ханлъи гьабулеб, гIакълу – гIелму гIодоб ккарабги рукIана санал. Раккана хасал хIелхIечагIазул, мацIихъабазул, гIадамал махсароде кквезе хIаракат цIикIкIаразул къокъаби.

ЯхI-намусалъ цIунараб, бацIцIадаб Дагъистаналда ва тIолго Шималияб Кавказалда къватIиса кваназарулезул къокъаялъ инсанасул ракI буссинабуна киналдасаго. Жакъад коронавирусалъ гIадин чIарана гIолохъанлъиялъул махI чIваралщиназул кьерал.

Россиялъул къо, 12 июнь сверана иргадулаб гIодоркъоялде.

Щибаб байрам буго щивасул рекIелъе чIухIи, живги гIахьалав вугин абураб пикруялъ кIодо гьабулеб къо. Дунялалъ сверелал такрар гьарулел гIадин, дагьдагьккун букIаниги бижила пачалихъалул байрамалъулъ кIудияб даража.

Нилъер улка жакъад хIатIида бахъун чIун буго. Нилъер наслабазе, бугелдасаги цIунун цIикIкIарал тIалабал тIубараблъун пачалихъ хутIи буго кинабго халкъалъул, миллаталъул цолъиялда бараб.

Биччанте гьаб байрамалъ бихьизабизе нилъер улкаялъул цолъи, гьайбатаб букIинеселде божилъи.Нилъеда лъала, Россиялъул киналго гражданалго гIадин, Шамил районалъул гIадамалги Россия тIегьараблъун, къуватаблъун лъугьиналъе гIоло свак лъазе течIого хIалтIулел руго.

Кьейги щивасе щулияб сахлъи, талихI, рекъел, рекIее парахалъи ва разилъи.

■ ДАНДЕЛЪИ

# Бесдалазе минаялъе ресал

**10 июналда райадминистрациялда тIобитIана бесдаллъуда ва эбел-инсул тIалаб гьечIого хутIарал лъимал минаялдалъун хьезариялъул комиссиялъул данделъи.**





ДРялъул 2019соналъул 25 декабралда 118 номералда къватIиб бачIараб къануналда рекъон, республикаялъул бюджеталда тIалаб гьечIого хутIарал лъималазе бихьизабун буго 150 млн гъурущ ва федералияб бюджеталдаса 110 млн гъ. субсидиязул.

Исана нилъер районалдаса анлъго лъимадуй щвезе рес буго мина босизе гIарац.

Гьеб суал дандбазе ракIарун рукIана районалъул бетIерасул заместитель, комиссиялъул председатель Камил МухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана опекаялъул отделалъул специалистал, рихьизарурал лъималазул опекунал ва цогидал жавабиял специалистал. Киналго хъваял къуна данделъаразе аслияв суалал дандран, гьаризе тIадал ишазул малъа- райадминистрациялъул специалистаз.

П.ИБРАГЬИМОВА

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
«ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»

**РЕШЕНИЕ**

от 08 июня 2020 г. № 26/1

**О принятии ставки единого налога на вмененный доход**

В соответствии со статьей 346.31 главы 26.3 НК РФ "Система налогообложения в виде единого налога на вмененный доход для отдельных видов деятельности (ЕНВД)", а также п.5 Указа Главы РД от 31 марта 2020 г. №24 «О первоочередных мерах поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства, оказавшихся в зоне риска в связи с угрозой распространения новой коронавирусной инфекции РД» в Собрание депутатов МР «Шамильский район» решило:

1.Установить на территории муниципального образования «Шамильский район» налоговую ставку единого налога на вмененный доход (ЕНВД), в размере 7,5% от величины потенциально возможного дохода.

2.Настоящее постановление вступает в силу с 1 января 2020 года.

3.Решение опубликовать в местной газете «Единство».

Председатель Собрания М.К.Хизроев

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА
«ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»

**РЕШЕНИЕ**

от 08 июня 2020 г. № 26/2

**О внесении изменений в налоге на имущество физических лиц**

В соответствии с пунктом 7 статьи 378.2 НК РФ в отношении объектов налогообложения, предусмотренных абзацем вторым пункта 10 статьи 378.2 НК РФ и объектов налогообложения, кадастровая стоимость каждого из которых превышает 300 миллионов рублей, а также п.5 Указа Главы РД от 31 марта 2020 г. №24 «О первоочередных мерах поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства, оказавшихся в зоне риска в связи с угрозой распространения новой коронавирусной инфекции РД» в Собрание депутатов МР «Шамильский район» решило:

1.Внести изменения в п. 3.2 решения Собрания депутатов МР «Шамильский район» от 29.11.2018 года № 18/1 «Об установлении налога на имущество физических лиц»: слова 1,3 процента заменить на слова 1,0 процента.

2.Настоящее постановление вступает в силу с 1 января 2020 года.

3.Решение опубликовать в местной газете «Единство».

Председатель Собрания М.К.Хизроев

■ ТУРИЗМ ЦЕБЕТІЕЯЛЪЕ

# Цо чиясул жигарчилъиялъги гІемераб цебетІей лъугьуна

**Туризм цебетIезабизе рес буго лъадал къварилъи гьечIеб ва тIабигIиял бечелъаби цIикIкIараб бакIалда.**







Кинабго чIахIалъулеб, глобализациялъ чIел босараб гьаб замана букIаниги, коронавирус ва чантаялъул вирус тIибитIун ккедал, гIемерисел гIадамаз жанисеб туризмалде кIвар кьолеб буго. ГIемер гIадамаз цIехолеб буго гIисинал халкъазул гIумру, тIабигIиял, культуриялгун тарихиял памятникал. Туризм цебетIолеб буго тIолабго дунялалдаго. ГIемерал улкаби руго туризмалдаса щолеб хайиралъ экономикаялда кIудияб бакI кколел. Масала, ОАЭ, Турция, Греция, Египет, Таиланд, Италия, Грузия ва гь. ц.

Республикаялде рачIарал туристазе бокьула мугIрузде, магIарул росабалъе щвезеги, Дагъистан цохIо Дербент гурелъулха. МагIарухъги ругелъулха росаби жидер тарих Дербенталдасаги кIудиял.

Рахъана туристал магIарухъе ине нухда. МагIарухъе рачIунел туристазул нухда тIоцебе бер речIчIула ЧIикIаб, Рихьуниб, ГьоцIалъ, Гъуниб ГЭСазул хIоразда.

Дагъистаналда туризм цебетIезабизе кколин, гьелъие ресал ругин абулеб, бицунеб буго республикаялъул нухмалъиялъги туризмалъул идараялъги. ХIакъикъаталдаги, къватIиса рачIарал гьалбадерида, туристазда рихьизе чанги тIабигIиял, культуриялгун тарихиял бакIал руго нилъер гьанир. Тарихиялгун культуриял памятниказдалъун бечедаб буго Шамил район. ЦIакъго хашаб буго гьел цIуниялъе гьабулеб тIалаб-агъаз, букIине кколеб бербалагьи гьечIолъиялъ гьел чIунтулел, тIагIунел руго. Гьанжеялдаса лъеберго-кIикъого соналъ цебецин АваргIурул жанирлъабаздагун щобазда, ГурЖиязул гIорхъоде щвезегIан рукIана анцI-анцI хъаравуллъиялъулгун ахIиялъулал сиял. Гьанже цIунун хутIун руго Гьооркиб ва Мусрухъ.

Бокьа-бокьараб росу гьечIо лъаразул рагIаллъуда гIуцIун. Гьеб рахъалъ бергьенлъиялда буго нилъер районалъул Гьолокь росу.

Эхере-эхеде унелщиназул берда цебе буго басрияб аэродромалда аскIоб бугеб МЧСалъул гIаламат тIад хъвараб гьитIинабго чIинкIиллъи.

Щивасего гIадин казияталъул хIалтIухъабазеги гъира ккун букIана гьелъул цIех-рех гьабизе. Нижеца дандчIвай гьабуна жиндирго жигарчилъиялдалъун гьениб берцинлъи чIезабизе хIаракат бахъарав Апанди МухIамадовгун.

Гьолокь росулъ буго районазда гьоркьосеб хехаб кумекалъул МЧСалъул хъулухъалъул база. ГIадамал хвасар гьарулеб гьеб бригадаялъул нухмалъулев ккола Апанди МухIамадов.

- Росулъ гIолохъабазе спорталъул зал гьечIолъиялъ, нижеца гIурул рагIалда гьитIинабго зал бана. Дагьдагьккун кIодо гьабуна сверухълъи. РекIелгъеялъе ччугIа кквезе гьаруна хIорал, -ян бицана нижее Апандица.

Дагъистаналде вачIунев турист тIоцеве рещтIуна МахIачхъалаялда, гьенисан уна тIасабищараб маршруталда рекъон, щола тIабигIиял хIикматал рихьизе. Каспий ралъадалъул цебехъанлъи босараб Избербашалде киналго унаро. Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса рачIунел туристазул къадар цIикIкIана Хунзахъ районалъул МатIлас ва Гъуниб районалъул мугIрул рихьизе. Гьезда гьоркьоса цоцо къокъаби щола Гьолокь росулъеги.

КIиго-лъабго соналда жаниб Апандил хIаракаталдалъун АваргIурул рагIалда гIуцIун бачIана хIухьбахъиялъул зона. ЧIегIерал ганчIал, Сулахъалъул каньоналдасаги берцинаб бакI. Гьенире аслияб къагIидаялъ рачIунаан рафтингалъе гъира-щавкъ бугел. Гьолокь росдал гурелги, районалъул цоги росабазул гIолилазеги риидал заманалъ сахлъи щула гьабиялъе, хIухьбахъиялъе ва спорталъе цIакъ эркенаб бакI лъугьун буго.

Жакъад къоялъ гьенир рещтIуна ГIахъуща, Гъуниб, Хунзахъ районаздасаги гьалбал. Амма пачалихъалъул квербакъи гьечIолъи букIиналъ, кинабго инфраструктура: гьалбадерие гостиницаби, культуриял тадбирал тIоритIизе рес гьечIо.

Гьолокь Апандил хIаракаталъ гьабураб хIухьбахъиялъул гьитIинабго чIинкIиллъиялъе рес буго республикаялъул даражаялда цебесеб лъималазегун чIахIиязе хIухьбахъиялъул лагерь рагьизе. ХIасил гьабун абуни, туризм цебетIеялъе республикаялда ресал руго хIалтIи гьабуни.

ГIицIго хIажат буго республикаялъул даражаялда мухIканаб планги бахъун, некIсияб тарихалъул памятникал цIунизе. Гьеб мехалда такрарлъи гьечIеб нилъер тIабигIаталде, беричал мугIрузде рачIунел туристалги гIемерлъила.

«БакIалъул инициатива» абураб программаялде гьоркьобе лъугьине ккани къваригIуна спонсоразул кумекги. Курорталъул магъалоян абураб хIакъалъ гьеб хвасар гьабуларо. Хьул буго байбихьараб хIалтIи хадубккунги цебетIезабиялъе Апандий ресал щвелин.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ РОСДАЛ МАГІИШАТ

# МугІрул гІидраялде гІи-боцІул чваххи

**ТIаде щвана гIурччинлъарал мугIрул гIи-боцIуца берцин гьабулеб заман. Гъутабаздаса риидалил мучIдузде гIи-боцIи гочин жиндир гIуждаса кьуричIого ва тартибалда унеб буго исана.**







РикIкIадал, ай Сухокумскалъул ва Кочубеялъул гъутабазда ругел магIишатазул гIи-цIани машинабаз раччана. Цогидал магIишатазулин абуни, гIадатияб къагIидаялъ, жидее рихьизарурал хасал нухал ккун, эхеде гочунел руго. ГIадамазул жалго бетIергьанал ва гIаммал магIишатазул риидалил мучIдузде исана гочунеб буго 28 азаргоялде гIагарун бетIер гIи-цIаниялъул.

ГьабсагIаталда цо-цоял магIарухъе щун, цогидал нухда руго: ТIидиб, Гьандихъ, КъахIиб, ГIуриб, Ругъелда ва М.ХIасановасул цIаралда бугеб сомолазул магIишатазул гIи-цIаназул рехъаби, тIидисезул 120 хIораб боцIул рехьед ва цо-чанго магIишаталъул чуязул илхъаби.

Районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулес кьурал баяназда рекъон, магIарухъ мучIдузда цереккунго хIадурун руго гIиялкъаял, гIухьби жанир чIезе рукъзал.

Ахирал соназ дагъистанияз цIикIкIун кIвар кьолеб буго чуял гIезариялде. МегIер-гIалах берцин гьабулел гьел халлъула магIарухъ мучIдуздаги, гIурулмухъдаги, лъарагIлъиялдаги. Чуязул къадар цIикIкIунеб буго нилъер районалдаги. ГIамм гьабун босани, гьел гьайбатал хIайваназул къадар бахуна 1850-ялде. Амма, цебеялда данде ккун чуязул къисмат батIияб буго нилъер заманаялъ. Гьел магIишаталъе хIалтIизаризе гурел, гьан кванаялъул мурадалдаги хьихьулел руго.

**П. ИБРАГЬИМОВА**



■ МЕДИКАЗЕ БАРКАЛА

# Къулула нужой бетIер!



**Гьаб сон лъугьана киназего цересел соназда релъинчIеблъун, захIматаблъун. ТIолго дунялалдаго тIибитIараб пандемиялъ, Россияги гьоркьоб течIо. Нилъ киназго рагъ балеб буго, береда вихьуларев тушмангун: цояз рокъор чIун, цояз жамагIаталде ахIи бан, цояз цересел къерда больницаязда. Аслияллъун гьаб вахIшияб рагъда лъугьана медикал. Жидерго хъизамал, рукъзал рехун тун, макъу ва хIалхьи кIочон тун, гьел руго къоязги сардазги нилъер сахлъи цIунулел.**

Гьезда гьоркьор руго нижер ракьцоялги: ГIалиев ХIажимурад, Дибирова Разият, МухIамадов МухIамадгIарип (ХIадисов), АхIмаев МухIамадхIажи, ГIумаров МухIамад, МухIамадов ХIажи, МухIамадова ГIайна, ХIажиев ИсмагIил, ГьитIинова СагIидат ва цогидалги.

Бищун хIалккараб, захIматго унтарал цIикIкIарал больницабазда хIалтIулел руго гьел.

ГIалиев ХIажимурадил чаналиго къо буго районалъул больницаялда дежурство гьабулаго. Цадахъго гьес телефоналдасан малъа – хъвавял гьарула росулъ унтарал сах гьарулел медиказе. Пандемия байбихьаралдаса, гьесие щвечIо щибго хIалхьи.

Дибирова Разият, Республикаялъул клиническияб больницаялъул хIалтIухъан – жийго унтана коронавирусалъ. Сахлъигун, цIидасан жуяна хIалтIуде.

ГIумаров МухIамад, Ленинградский областалъул Сланцевалъул районазда гьоркьосеб больницаялъул хирург, мустахIикълъана баркалаялъул кагъаталъе, коронавирусалъул заманалда унтаралгун гьабураб хIалтIухъ.

Гьанжего гьанже мединститут лъугIун, ординатураялда цIалулелги, жеги институт лъугIичIел студенталги щвана медиказе кумекалъе. Гьезда гьоркьор: МухIамадов ХIажи, Склифосовский институт ординатураялъул студент, 5 курсалда цIалулел ДГМУялъул студентал ХIажиев ИсмагIил – тIоцебесеб пандемиялъул къоялдасанго клинический больницаялда хIалтIулев, ГьитIинова СагIидат «Клиника Высоких технологий»ялда медсестралъун хIалтIулей.

Нужее, медикал, загьир гьабулеб буго ракI-ракIалъулаб баркала диргоги росдал жамагIаталъулги рахъалдасан. Нижер къулараб бетIер буго нужер захIматалда цебе!

Гьарула нужее сахлъи, халатаб гIумру ва хехго гьаб пандемиялъул заманги лъугIун, ругьунаб гIумруялде руссине.

**Шамил ГIУМАРХIАЖИЕВ**
**ГъоркьаБакълъухъ росу**

# Гьаз кумек гьабичIеб хъизам хутIичIо



**ХIалуцараблъун лъугьана исана тIолго Россиялъего их. Унтуца къвал бачIеб, гьелъул кварилъи бихьичIеб шагьар, район, росу, хъизам хутIичIо. Июнь моцIалъул кIиабилеб базаркъо бихьизабун буго медиказул къолъун. Исана щивасда бичIчIана гьел тIубараб цо къоялъ гуребги лъагIалицаго кIодо гьаризе мустахIикъал рукIин. Жидерго ургъел тун, хIинкъи гьечIого, бахIарчилъи ва жидер хIалтIуде бугеб ракIбацIцIадаб рокьи бихьизабуна тIолго улкаялъулго медиказ. Гьезие буго гIадамазул аза –азар баркалаги Аллагьасул кириги.**

ТIолго дунялго гьоркьоб течIеб гьаб гIасияб унтуца кIвекIана ГIасаб росдал жамагIатги. Гьелъ гьоболлъи бачIеб хъизам хIутIичIо. ГIасаб фельдшерско – акушерский пунктаялъул хIалтIухъабазул кIвахI тун, жидерго ургъел тун гьабураб хIалтIудаса рази буго росдал жамагIат. ЖамагIаталъул ва дирго рахъалдасан бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе, цоцалъ рекъон, гьурмадаса гьими камичIого, унтаразе сабабалъе ратарал ГIасаб росдал медиказе: ГIабдулаев МухIамадие – ГIасаб ФАПалъул заведующий, МухIамадова ПатIиматие, МухIамадова РабигIатие ва ГIалиева ШагьрузатIе. Къаси сардилъ букIа, рогьалил гIужалъ букIа кида ахIаниги, росдал тIарадаса ахаде гьез кумек гьабичIеб ва гьел тIаде щвечIеб хъизам хутIичIо.

Жакъад гIесдерил жамагIат гIадин, нужедаса Аллагьги разилъаги. «КинабгIаги хIасил кьелароан, лебалал, лъай бугел, цоцалъ рекъон хIалтIи гьабулел медсестраби нижер рукIинчIелани» - ян бицуна ФАПалъул нухмалъулев М.ГIабдулаевас. Гьедин цоцалъ рекъон, жамагIатги Аллагьги разияб хIалалда таги нуж кидаго. Гьарула нужее талихI, рохел, щулияб сахлъи ва хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**ГIумар НУРМУХIАМАДОВ**
**ГIасаб росу**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ СЕЛЬХОЗПРОИЗВОДИТЕЛЕЙ

**Минэкономики РД предлагает сельхозпроизводителям (ЛПХ, КФХ, СПК) в лизинг технику, оборудование и транспортные средства в рамках госпрограммы «Социально-экономическое развитие горных территорий РД». Заинтересованных жителей района просим обратиться в отдел экономики Администрации МО «Шамильский район» для подачи заявки, прилагаемого в перечне.**

**Перечень востребованной товаропроизводителями техники и оборудования**

| № п/п | Наименование оборудования | Краткая техническая характеристика |
|---|---|---|
| **Оборудование для производства кормов** | | |
| 1 | Экструдер для производства кормов | Производительность от 50 до 200 кг/час Габаритные размеры – 900х600х1500 |
| **Оборудование для переработки молока** | | |
| 1 | Сыроварня-пастеризатор | От 100 литров молока |
| 2 | Сепаратор для производства сливок и масла | |
| **Оборудование для переработки мяса** | | |
| 1 | Сушильно-вялочные камеры | |
| 2 | Мясорубка | |
| **Оборудование для птицеводства** | | |
| 1 | Мини-инкубатор | |
| **Оборудование для переработки продукции растениеводства** | | |
| 1 | Шкафы для сушки плодов и овощей | |
| **Оборудование для производства консервной продукции** | | |
| 1 | Цельнотянутый пресс | |
| 2 | Кривошипный пресс | |
| 3 | Закаточная машина | |
| **Транспортные средства** | | |
| 1 | Автомобиль «Ларгус» грузовой | |
| 2 | Минитрактор | |
| **Техника и оборудование** | | |
| 1 | Мотокоса | |
| 2 | Бензопила | |
| 3 | Опрыскиватель эл. ручной | |
| 4 | Мотоблок | |
| 5 | Генератор | |
| 6 | Мотопомпа | |
| 7 | Оборудование для капельного орошения (насосы, шланги, капельницы) | |





**Отдел экономики МО «Шамильский район»**


# ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьорк.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ТУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде къураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данденколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI
№ 50